

## Kijan pou Kontakte nou

Pou premye kontak nan telefòn,  
paran yo ka kontakte Amy Nevis:

Telefòn: 617-730-2457

Imèl:  
parentpartnerbrookline@gmail.com

Anplwaye lekòl la ak ajans deyò yo ka refere paran yo tou. Pou fè yon referans, tanpri bay paran yo enfòmasyon kontak Amy epi jwenn pèmisyon paran an pou Amy ka kontakte yo. Voye enfòmasyon paran pa imèl, non elèv ak lekòl la, ak yon deskripsyon sou enkyetid referans lan. Amy pral kòmanse yon premye idantifikasyon nan telefòn pou l detèmine byen fonde referans lan.

Anplwaye yo ka rankontre avèk Amy dirèkteman.

**REMAKE:** Parent Partners pa  
adrese dirèkteman kesyon oswa  
enkyetid osijè sèvis spesifik yon  
elèv oswa kalifikasyon pou sèvis.  
Paran ki gen kesyon sa yo pral  
jwenn sipò lè yo travay avèk

anplwaye ki apwopriye nan Distri  
a.

*ka ede ou*

## Filozopi nou

Fanmi yo se prensipal moun kap  
pran desizyon pou pitit yo, ak  
manm kle nan ekip edikatif pitit yo.

Kolaborasyon ant paran ak lekòl la  
toujou bon pou timoun yo.

Okenn paran pa ta dwe ap lite  
poukont li.

Tout kesyon yo se bon kesyon yo ye  
e nou ka adrese tout pwoblèm yo.

Tout paran ak gadyen merite tout  
sipò yo bezwen pou konprann dwa  
yo ansanm avèk dwa pitit yo.

Sipò Parent Partners gen respè,  
baze sou pwen fó, ki apwopriye  
kiltirèlman ak endividylelmán.

*Ede paran ak gadyen timoun ki gen  
bezwen espesyal yo lè nou bay sipò  
pwofesyonèl paran-a-paran ak  
edikasyon*

**LEKÓL PIBLIK  
BROOKLINE**



**PWOGRAM  
PARENT  
PARTNER**

*Parent Partners*



pou travay avèk ekip edikasyon  
pitit ou?

Bay sipò pou prepare reyinyon osijè  
pitit ou nan lekòl.

Ofri yon patnè pou patisipe nan  
reyinyon edikasyon yo avèk ou.

Travay avèk anplwaye lekòl la pou  
ankouraje ak sipòte angajman  
konplè paran.

### *Parent Partners ka ede ou*

#### **Kimoun nou sèvi**

Èske ou nouvo nan edikasyon  
espesyal oswa pwosesis 504?

Èske ou ta renmen jwenn plis  
enfòmasyon sou dwa ou?

Èske ou bezwen èd pou navige  
sistèm lan pou pitit ou ki gen yon  
andikap?

Èske ou ta vle aprann plis sou wòl  
ou nan edikasyon pitit ou?

Èske ou nouvo nan Brookline?

Èske ou enterese pou patisipe plis  
men ou pa sèten ki pi bon fason

#### **Kisa nou fè**

Bay paran yo edikasyon,  
ankadreman ak sipò nan pwosesis  
IEP ak 504.

Eksplike paran yo pratik ak  
règleman distri a.

Entèprete dwa paran yo daprè lwa  
Eta ak Federal.

Pale avèk paran yo nan telefòn,  
imèl oswa anpèsion nan yon lokal ki  
ideyal.



#### **Kimoun nou ye**

Amy Ruth Nevis, M.S. se  
Kowòdonatè Pwofesyonèl Parent  
Partner nou. Pa twò lontan de sa li  
te retrètre nan Administrasyon  
Edikasyon Espesyal avèk preske 35  
ane eksperyans nan lekòl piblik e  
kòm Direktè Egzekitif nan Sant  
Judge Baker Children. Amy se  
paran de pitit gason adilt ki te gen  
bezwen pou edikasyon espesyal. Li  
utilize yon apwòch kolaborasyon  
san patipri ak konpasyon nan

travay li avèk paran ak anpwlaye  
lekòl la.

Zanmi Parent Partners yo se paran  
ki gen eksperyans avèk yon timoun  
ki gen bezwen spesyal. Yo resevwa  
fòmasyon espesyalize, e yo travay  
sere sere avèk Kowòdonatè a. Tout  
Parent Partners yo angaje pou  
sipòte kanmarad yo avèk respè ak  
senpati.

*Parent Partners  
ka ede ou*